

Pembantu sareng agem:
 Priangan koelom Bestuur Pasoendan Bogor.
 di Tjandjoer Bestuur Pasoendan Tjandjoer.
 Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandung

Pembantu sareng agem:
 Priangan watas Bestuur Pasoendan Tjandjoer
 Diwaja watas Bestuur Tjandjoer Pasoendan Soerabaja.

SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Dititik di Dreding Soerabaja Tasikmalaja.

Redakteur:
SORTISNA SENDJAJA
ATMAWINATA
 Redakteur di Batawi
SOERADIRADJA.

KARANGAN adreana ka **REDACTIE** Heerenstraat 31.
POSTWISSEL sareng surat nos sance deui ka **ADMINISTRATIE** Tjandjoerweg No. 12 Tasikmalaja.

LANGGANAN. 3 saah. \$ 150 Dibayar ti pajoen. Salambar 15 sta.

Pangaca ADVERTENTIE:
 1/10 karta \$ 2,50
 1/10 " " \$ 1,50
 Sakali moest
 Langganan langkaeng mikah.

Pokrol.

Ieu djoedol teh saenjana mah koerang sampoerna, teu nepi kana angen-angen, koedoe dikambahan deui koe ketjap "bamboe", kakara loeje, tapi orokaja koerang rada teu wani djeung asa-asa rek neundeun ketjap kantetan "pokrol bamboe" dina djoedolna teh sok siun aja noe kageasir. Maloem alam sjeuna mah "djam koedoe loba ragangan", sok kieu tea kites tea. Ari katoeroeg-teoerog benteu kabeh pokrol koedoe di bamboean, sok aja bae anoe henteu tjara sipat bamboe, teu molongpong, teu kosong, tapi aja amman. Meureun anoe kieu mah malabaroea. Pokrol anoe dimaksoed koe koerang teh, nja eta pokrol noe tea meunang pangadjaran lain ad-pokrol. Kade salah harti.

Kana tabaena sawarah pokrol bamboe meureun maal aja noe biroek, sok teu sehat, nepikeun ka di pademoekan koerang mah geus 3-4 na noe ngaringkoek di losmen perdit teh, koe lantaran kaboea tipeo dajana.

Sok soemawonna oerang lamboer noe teu njaho di . . . bane, tjatjahan oerang dajeh oge sok loba keneh anoe djadi parab kateusehatan pokrol bamboe teh. Tara pisan baroga ras rasan, abong-abong kaneu teu njaho, atawa kaneu bingoesug, atawa kaneu makob, dihauteu marhaen bae, dipupeuh ti ditim ti dieu, nepi ka ugaringkoek tjara koekoe.

Koejabab, eta di mana-mana tempat anoe loba pokrol bamboe sarta teu sarehat lakoe lampahna, tangtoe di eta tempat teh maal aman, loba patjektjokan, pagoejdroedan. Lantaran piperkaraen teh diarsorok ditarengan, dikorehan ditjokelan, da harajang meunang parab tea.

Ari petana teh, anoe geus kadjalankeun loeang-loeang ka troekang mah, loba anoe ngadjalankeun tipeo daja maloele. Kakara oge badami naon noe rek didjieun perkara atawa perdjangdjan-perdjangdjan, ongkos ti heula mah teu tinggaleun, keur kieu tea keur kites tea dakoena mah, nepi ka memeh perkara dipoetoes teh, anoe mokrolkeun mah ngan herang-herang kari bintjoerang, grolak grolak kari toeroer. Malah ari djabat djeung djabat mah, ari geus euweuh geuleunana bet tara iuh perkara djoedolejkeun, sok lece bae, tjara noonda paian koerang, komeo lamoen eta perkara teh noeroetkeun idjirana-na maal meunang, tangtoe efeb.

Ditoekeupana eta perkara nepi ka hasilna, tampolana mah anoe boga hak mah tara kabagean, atawa tara mah keur ongkos-ongkos atjan, noedoe nambah deui; djadi manan oenteng mah anggoer boetoeng.

Malah sok aja noe njarita, jen teu moestabil noe mokrolan teh njewel ti ditos njewel ti dieu (ti noe dipokrolan djeung ti moeseh), sina oenggoel oenggoel merena ongkos nepikeun ka botjok doeanana, ari anoe medah medah mah ngan k i pokrol koe andjeun bae. Atawa deui, pokrol djeung pokrol teh sok baradzai sakait pikeun njoekoean sakoeana anoe baroga perkara nepi ka leneng. Ari di hareupeun mah poegoeh djiga noe enja, pahaok-baok palorong-torong, pada reboet bener, tapi ondertusechen (engke di toekang) ngabagi-bagi bebundangan.

Koe ajana adpoekat ieu kaajaan anoe sakitoe gorengna teh teu matak tjageur, lantaran ari adpoekat tea adpoekat, dina panjangkana tangtoe mahal ongkosna. Djadi noe oekoer

oekoer kabanteu teh ngan sakoe anoe boga perkara gede djeung wani bae njarandoeana menta toeloeng. Ari anoe leutik mah anoe perkara ngan wates ratoes hidji ratoes doea, boh ditoena 5-6 ratoes, nja tetep adjang ki pokrol tea bae.

Kakoeseetan pantar kieu di palembooran teh kakara kaemper-emper sjeuna ka pamarentah, sadjan geus sakitoe nuang windoe-windoeana, doeka anoe sababna, naha dilalaworkeun koe noe ti handap, atawa teu didangoe koe noe ti loekoer.

Ajeuna pamarentah geus kageungan maksoed, bismillah rek ngomean eta kaajaan, koe djalat rek ngaloearkeun atoean-atoean ngadjaga kateusehatanana lakoe lampah pokrol bamboe, tjara salinan noe aja dina teu Sipatahoenan.

Eta atoean teh (geura mangga araoe) katjaha hadana anoe geus tangtoe tea katarimana koe Volksraad teh; nja ari diomona sacetak saeutik mah tangtoe aja, ngan meureun djadi leuwih hadana.

Lamoen seug eta teori tea didjaleunkeun reudjeng sabenerna, geus maal sak deui, kalakoean pokrol anoe teu pantes teh katjegah kabeh, sarta djadi kasalamatan kaneu baroga perkara. Ngan moega moega bae uitvoorders na (noe ngadjalankeun) oelah ngantep sepeja aloes dina kertas bae, tapi koedoe djeung boektie.

Sabadana eta ordonnantie tea diaras koe noe kararoes maos, oelah ngan oekoer maos keur sasaliraun bae, tapi ka pada kantijs anoe teu tarerangteun koedoe diwawartkeun, diwangkongkeun sangkan loba anoe tarerangteur, malah mandar Sipatahoenan bisa mere djaas geusan ngomean sakoeer noe teu hade tjara noe dikandoeung koe pamaksoedana.

Oes Nasay.

Poenale Sanctie.

Ari boesenna mah boes ieu djeuder teh malah rek disoeboet, "djedjer boes" oga moesabah, tapi da koemaha perloe koe oerang dipake tjarta, lantaran koe noe aroeninga joektjoekeanana atawa lalakonna koeli kontrak mah, dikoeodoeskeun ieu kaajaan teh geura-geura leungit.

Lain ngabedjeun beloe toeoer, da sadjana oge anoe sok leukeun matja Sip. mah, geus pada tarang, jen pakoeempoelan Pasoendan miloe oelo loeang ngakal terekah sangkan P. S. tea leungit. Manan boekti wawakil oerang Djrg. Otto geus dipapantjenan medar ieu di Volksraad; ngan handjakal andjeunna teu nepi ka tamat melaanana, kaboeoe koe teu damang. Nilik kana toengtoengna mah, sadjan djago gerang kabeneran teu aja kahalangan oge, djiga tetep koedoe aja dina kasoran bae, sabab ngan oekoer bisa nambah maestem. Noe pash pose melaan bangsa priboeemi tina hal ieu nja eta Djrg. Stokvis djeung djrg. Middendorp, tapi koe lantaran henteu soueur rentjangan tea, motiena teu boeroeng kana karandjang roentah.

Sadjan eta motie tea verworpen (teu ditarima), ari hasilna mah nja aja bae, henteu kalapoeng teung. Sabab, woeri-woeri djrg. Stokvis c. a. ti mimid taoen toekang ngetjeh tina sab eta, ajeuna koeroenjeung pangomean "koelie ordonnantie" djeung aja perdjangdjan, jen "Poenale Sanctie" teh ti mimiti taoen 1930 rek ditoeungtoet dikoeerangan, nepi ka dina sawatara waktoe bisa djadi leungit pisan.

Peta pamarentah noe kieu anoe sok disareboet diplomat teh, sabab ka kaum stoe benteu njentoeug teuing, atoech ka oerangna rada oegot teu matjet pisan lamoen dina iskroep mah.

Ngan doeka eta perdjangdjan teh, naha ngan oekoer semet biwir bae, atawa bakal dilampahkeun, Di dieu oerang tatjan bisa ntepekeun bener, sabab geus loba loeang tea.

Ari pokona noe djadi sabab pang teu pihaminan koe pamarentah djeung sawatara leden teh, lantaran kaum oerang (kapitalisten) ngagentak teuing katjentokna, bisi matak djadi karogian ka arandjeunna njakitoe deui ka damarentah: Koedoe dibere dangkal heula sina sasajian neangan akal, koemaha piakaljeunana sangkan reana koeli oelah ngoeangan, dimana poenale sanctie geus dileungitkeun.

Ari rek ngagoego napoe mah, poegoeh ge lain laderaneun, nganahana, ari kaum kadendeuh mah bet mani dilamatan ditambalan heula sasatna, dimana rek eta atoean anjar noe rada senang seueusan keur oerang teh. Ari ka kaum oerang mah djol habek-djol habek bae tara eta parah deui. Tah, eta nawa napoe eta bisi aja noe kageungan koedoe dipaper, dioepah-oepah koe bane oeloce bane djeung pira-pira" saktieu oge. Insja Allah, maal ngarasoea.

Koe robananana koelie ordonnantie oge geus tegep pisan, moen bener mah tjara djeung praktet hanteu oelaja. Orolaja palebah dieu kapaoer maal Jeungit, lantaran siun ngan oekoer semet tjara bae, boentoe teu aja pangparatanana, da eta sok loba naker tjotjok anoe matak mengpetan tara aja brana, meteng magel di tengah-tengah bae, teu ka ditoe teu ka dieu.

Koe lantaran oerang geus njaho kana loeang-loeang noe ka toekang tea, ajeuna sarerea anoe pada mikahjangan kana leungitna Poenale Sanctie tea, koedoe rempoeg saejeunan, miloe pasang koeping, pasang mata, ngadedegekoeun djeung ngawas koemaha boehna ieu pangomean teh, naha aja tapakna atawa henteu, atawa . . . manan ngoerangan mah anggoer tambah. Ajeuna mah da alam kaitan (boekti) tea, sarat oerang koedoe jataas geusan paenoeoehoeun deui ka noe ti pajoen.

Kadja ba ti kites, koe sabab lenggokna pamarentah, keur noedjoe angin kana ngajeungitkeun Poenale S. tea, oerang koedoe miloe ngabantoe kana ieu toedjoean, sangkan boeroe-boeroe kapoepoe boehna. Ari piakaljeunana mah, kabeh-kabeh koemaha patoekeanganana bae, sakeuringeun mah ka ieu-ieu oge asal ka noe bakal njeangkeun ngan rek amoem, darma djadi boentoeot, poerah ngahaman.

Ngan aja . . . bareto ngoeping, bedjana bane kongres Pasoendan di Tjandjoer, aja anoe kageungan lalamoenan rek njitak biantara-biantara. Kahajang koerang anoe koedoe dinomer satoekoen teh eta bae lanan biantarana djrg. Amisone tea, anoe ngalakonkeun bab kasajaanana koeli kontrak. sarta ditambahan koe roep-roepa tjostatan tina soerat-soerat kabar, kangeunahanana djeung kateogeanahanana anoe djadi koeli kontrak.

Ditjita kana didjieun boekoe leutik, anoe kira-kira asoep dina sakoe boedak, sangkan oerang rea bisa njarahoeun lalampahanana anoe koeli ka Deli.

djelema rea, babakoena koe oerang padonan. Djadi aloesna pisan eta boekoe teh dibikeunan di pilemboeran; teu woedoe moen didjoelna koerang tina pokona oge; saboetoechna lantaran teu aja modal tea, didjoel djinis keur ngaganti ongkos njitakna.

Lamoen sarerea pada sapikir mah, tangtoe djadi, soemawonna moen djeung daek ngodok sakoe sorangan, bade noe aja, tjatjakan koe pada mantoean koe tanaga oge, mangma-joekeun eta boekoe tea, maal djaoeh laeokna, tangtoe hasil maksoedna.

Kaum Pasoendan geus koedoe njaring, sarta ichtiar sorangan sangkan tjita-tjitana katapi, ngadajit tina balahina kaum sbrangan, oelah ngan ngarep-ngarep panceloeng batoer atawa ngadago-dago hoedjan ti langit. Actie bidjilkeun!!!

Koempelan gagedoeg-gedoe Agama.

Noe koempool Djoer-djoer. Tjokrominoto M. A. Z. H. S. (afd. P. S. I.) Tjimbah, Kijai Abdollah Sirad Djogja, Kijai Anwaroedin Rembang, Kijai Mansoer Soerabaja, Kijai Moestafa Kamil P. S. I. Garoet, koe lantaran ditahan disangka "merah" teu bisa datang.

Kijai Fachroedin Mohammadjah Djogja, Kijai A. D. Haani Walfadjrie Djogja.

Hadji Zamzam Persatoean Islam Bandung, Kijai Asnawi Nahdatoel Oelama Koedoes.

Kitoe deui Djoer. Hoofdpanghoeloe Serang.

R. H. Moeh. Isa. Hoofdpanghoeloe Temanggoeng M. H. Iksan.

Ieu koempelan diheujeuk koe Adviseur voor Ind. zaken.

Noe ditjaritakeun pandjang lelar, api ka ti beurang mah ngan sapa-sal, ditoelejekeun peutingna deni ti pk. 7 nepi ka pk. 12.

Tiloe pasal noe diheulakeun, oge perkara motie noe di Bogor, nja eta hal kawin, pangadjaran agama, djeung kas masjid.

Atoean alkah noe ajeuna dikoe-doekoeun, (emperatief) nja eta koe panghoeloe noe dibeneom koe Resident, robah (teu dipake deui).

Bapa at wali aweue noe boga hak ngawinkeun, asal waktoe ngawinkeunana, make saksi panghoeloe.

Atoean noe ajeuna dipake nja eta panganten teh koedoe ngadeuheus heula ka kantor. Ind. B. B. pikeun nalingakeun ahir baleg hentenna sarta nikahkeunana koedoe di kaem.

Koe atoean anjar ieu hal djadi robah, djadi panghoeloe bane diangkir ka imah noe rek nikahkeun.

Patali djeung ieu, katjaritakeun ha? kapanghoeloean. Nepi ka kiwari ngangkat panghoeloe teh, dibeneom koe Resident make voedsrecht Ind. B. B. (bopati).

Ajeuna mah, diakoe koe sarerea, jen ngangkat panghoeloe teh koedoe koe kaum Moeslimin, kitoe deui di distrik at katjamatan noe dipilih nja eta woengkoel djelema anoe geus tabah kana hadis djeung dalil.

Oepama panghoeloe tea teu njoempoman kana mistina, bias diureunkeun koe pamenta kaum Moeslimin keneh.

Kas maedjid ajeuna diampihanana di bopati at. Djaksa, sosina di panghoeloe kabopateu (landraad). Noe ngoroena nja B. B.

Ajeuna baris diajateun Commissie

Ti pipir hawee.

Kijai-kijai tjawokah?

Tjawokah mah teu aja hadana. Boektina geuning oepama aja boedak ngedalketen omongan koler, koe kolotna atawa kolot dieu lain kolotoh geuwat dihoet, ditjaram.

Sok boedak, aja sameneus aja hampoeaenana, da poegoeh ngaranna ge boedak. Koemaha ari naradjang di kolot, ari keur kolot teh djeung kasoeboe barim ngadji, terkadang ngagem, *hiti adjangan*. Pies-koemahaenun leudig.

Toeroeg-teoerog ari keur kolot teh, keur adjangan mah, ditembongkeunana katjawokahati teh dina tempat noe sab pimah. Dina soerat kabar. Ari soerat tawarba teh, soerat kabar, noe teu disangha tea nja eta dina *Al Intisial*.

Geura moen hade pok mah lain-asa noeroes teudjoeng?

Sing saha noe noelis dina soerat kabar eta saroea bae djeung ngomong di hareupeun djelema loea, sabab dibatja koe tempo tempo mah, mangreboe djelema.

Noe ditembongkeun katjawokahan dina soerat kabar saroea bae djeung noe-taen di pasatj.

Geura ieu dina *Al Intisial* No. 11 noe kaloeer tanggal 15 Separ, kolom Soesalan soesalan aja panaroean ti djrg. *H. M. Moestjar Tjiajong*, noe make boeboeka kieu:

Separanteu nampi seraf chabar *Al Intisial*, gebeg leuleus-rendjang tjenghjar, lir mendak goer-an ngagoler di djalan, dirawoe bar ditjiocm, distimpen disesae, wad-dibebekeun beungket adreana seraf chabar *Al Intisial* per ngeleper saramboet ramboet tina teu kinten bingahna, leuwih ti dj. a. t.

Tah titik-titik teu wantoe ngeusi-sian . . . tina *djorang* teh keun ari koe djr. *H. M. Moestjar* euja ge salah, da meureun separtara lain kijai, kadoeana ngaranna ge ti *Tjiajong*, meureun aja hampoeaenana, ari eta mah *Redaksi* nja adjangan-adjangan noe djaloemhoer, tjara oerang dajehug, geugeuj atoech. Naha teu kangambar koe arandjeun, eta soerat kabar andjeun teh dibatja koe istri? Terkadang-kadang koe djrg. Dipath.

Naha nepi ka tjawokah kites? Tjing atoech djaba ti ngawoeroek kabatinan teh, keur kaperloean sapoep. Mangkaneun kapan saha noe nangtajoenganana oge?

Tjing atoech, da keur ngabandingkeun ka ngounah teh, loba deui; oelah nepi ka dipapandekoe kana barang noe teu moesabah diambeng, ditjaritakeun di noe loba djelema.

Astagfirullah peba deui-dalina mah.

Ngan Soendana mah ingot: "*katjida leuwig, Zag!*" tjek si Tjepot mah.

Gelcajoe

(*) ngoeroes, (narima) djeung Commissie ngaloearkeun.

Dina eta 2 Commissie tea sabcutnang-bennang oetoesan kaum Moeslimin.

Koe piremoepra noe rea, ditjaritakeun deui hal ngaloekeun maedjid (Djoemah). Atoean ajeuna mah, koedoe noenggoe heula paidin Bopati (da Halipatoeloh tea. vert).

Kabareup teu koedoe make paidin. Bopati deui, ngan koedoe oendjoek oeninga.

(*)

Ti Padoekoehan.

Kiai Weroeh, sasderan ka santrina... Bedjana Oehaemi geus... di di... Pasoodan? Sautri: Soemoehoen, imahel pa rantos lami. K. W.: Apana Oehaemi mah teu ngarti kana basa "Perogea", koema petana... geuning dina "Panglajungna" rea pisan masalah-masalah anoe ditoelis koe basa Perogea, koma dina "Langlajung Doman No. 9" mah. S: Soemoehoen gampil, malah parantos ha pad sawewengi dideres bae doegi ka apalna? K. W.: Hibi, heur! Jeuli ari Haemi, bet diissaroeakeun djeung kana Soerat Jasni... Eta mah teu beunang dispalkeun, sanadju apal ngagorolang oge, ari teu ngarti kana hartina kana susina mah... pibe-doeleun? Kontak. *) Enja ari koe kitoe tea mah. Toerta ana dibilang peuteuj kapan mani sakitoe parentoelna pepentol di Pasoodan teh, tapi ari boektina...? Mani geus bosen sembah koerling! Corr. L. D. Sect. Sea.

Pokrol (zaakwarnemer) djeung pangadilan.

Pamarentah geus ngirimkeun hiji rantjang atoran pikeun ngadaja pagawean pokrol, tjara salinan noe di handap ieu (tina Bint, Tim).

Artikel 1.

(1). Kalawan teu ngoerangan kakoeatan ajat noe noe katiloe tina ieu artikel, beh ditona art. 123 ajat 1 tina Int. Reglement djeung art. 147 ajat 1 tina Rechtsreglement Buitenge westen (nagara loearuan P. Djawa), sarerea pada boga hak njeun kawasa pikeun mantoean atawa ngawakilan perkara civil di medan landraad. (2). Tatapi keur ngawakilan eta perkara teu meunang pisan menta boeroehan koe jalan koemaha oge, kabear tina angger-anggeran ieu ordonantie. (3). Dimana eta kawasa (pokrol) ngalanggar atoran ajat kadoea tina ieu artikel, atawa ajat 1 tina art. 3 kitoe deui lamoen manehna ngalaworakeun kaperloeanana noe boga perkara djeung oendjoekan henteu ngedehkeun ka hakim atawa pamarentah, Voorzitter boga hak njempat ka eta kawasa sarta lamoen katimbang perloe kalawan nimbang kana perkara, njaboe hakna pikeun djadi wakil atawa pananja (raadsman) dina landraad, boh tina perkara sipil boh kirimil. (4). Poetoesan anoe ditibarkeun pikeun njaboe hakna tea, saperti noe diterangkan dina ajat 3 koedoe diterangkan lantaran lantaranana. Ieu poetoesan koedoe diwarawakeun ka noe boga perkara, anoe koedoe nanggong ongkos-ongkosna, sarta tjaboetan kana hakna tea koedoe dilaporkeun ka Hooggerichtshof. Ieu poetoesan teh ngan kapake pikeun landraad anoe dipingpin koe Voorzitter noe ngaloeakeun poetoesan tea bae.

Art. 2.

(1) Sanggeus perkara beres (di-poetoes), pokrol teh koedoe njeohoeunkeun ka Voorzitter geusan netepkeun sabaraha pibeeroehuanana djeung ongkos-ongkos noe koedoe dibaj-r ka manehna. (2). Pikeun ieu manehna koedoe njanggakeun boh koe lalambe boh koe toelisan ka voorzitter noe ngoe-roes eta perkara, sarta mere parelean anoe terang anoe ditagih koe pribadina. (3). Ieu permoeohanun beunang oge dieundjoekkeun koe noe boga perkara. (4). Lamoen Voorzitter nampa eta

panoehoen, koedoe njeun taksiran boeroehan tea di hareupeun pokrol djeung noe mokrolkeun. (5). Eta taksiran (b. hroesing) didjieuunna koedoe boeroetkeun djeung banggana perkara djeung pagaweanana sarta pamahe di eta tempat. Eta babroeting koedoe ditoelis sarta lamoen dipenta koedoe dibarengan koe soerat parentahan pikenn ngadjalaneunana. (6). Geusan netepkeun naen noe koedoe dibajar ka noe dikawaskeun, voorzitter koedoe ngitoeng tina pagaweanana noe geus dipigawe djeung ongkos-ongkos anoe geus dibajar: 1a. Pikeun-njeun tanda atawa m. loe nanda. a. Ngarekes stawa ngadjawab. b. Toelisan-toelisan noe sedjen noe perloe pikeun perkara. c. Katrangan-katrangan dina appel. 2a. Sakabeh vocaties (waktow-waktow noe perloe keur pangadilan). 3a. Pikeun oenggal-oenggal ngadeuheus ka kantor anoe dikodoakeun koe wet. 4a. Sakabeh doeit noe geus dikaloeakeun, sarta ditoeung ongkos djalan djeung mendok noe perloe. (7). Sanggeus ditetepkeun bahroetengna, voorzitter mere inget-ka noe ngawasakeun, jen manehna meunang mouta poepoelangan tina kaleuwihan ti noe geus dibajarkeun (noeroetkeun bahroeting tea).

Art. 3.

(1). Samemehna ngamimitian perkara atawa sabadana teu meunang menta atawa nampa boeroehan ti heula, atawa pikeun ngaganti ongkos-ongkos noe geus dikaloeakeun, kadjaba ti mere koe weh tangsi anoe hade, sarta lobana teh koedoe disahkeun koe voorzitter. (2). Lobana anoe geus disahkeun teh tjara dina ajat 1, koedoe ditoelis koe voorzitter dina koe weh tangsina koe aksara, sarta soeohanana diampihan di kantor.

Art. 4.

(1). Lamoen ngalanggar art. 1 ajat 2 djeung art. 3 ajat 1 dihoekoem boei panglilana tiloe boelan atawa dengdaan panglobana f 500.— (2). Koe lantaran meunang hoekoeman kitoe tangtue keuna deui koe hoekoeman langgaran art. 1 ajat 4 tea. (3). Perkara - perkara hoekoeman anoe kaasoeap dina ieu artikel dianggap saperti palanggaran.

Art. 5.

Kalawan teu ngoerangan kana kawasaan anoe diterangkan dina art. 1 ajat 1, ieu atoran teh henteu keuna ari keur adpoekat-adpoekat djeung procureurs anoe disahkeun koe Hof loehoer djeung Djeestisi.

Art. 6.

Ieu ordonantie kapakena tina tanggal boelan kadoea sanggeunana ieu atoran diembarkedun.

Milieujujankenn sareng mestakeun Padoeka Djr. Demang Patih Tji andjoer R. Wiraditmadja.

Kaleresan wangi Ahad ping 20-21 awal ieu di Kaboepaten Tjandjoer geus aja raramean, nja eta mestakeun Padoeka Djr. Demang Patih, R. Wiraditmadja, djalaran koe terrana noe ti pajoen andjeunna geus tjondok ka woekoe, minggang kana mangraua, diilihkeun ka deujeuh Bandoeng, noe tek babasan tea nagri noe heurin koe tangtoeng. Djedjeg 9 taen lamina andjeunna njepeng damel ngahenjeuk dajueh, ngolah nagara Tjandjoer, loelee bangloea, kereta teu sakara-kara, eeto moeloe noe taja koetjijwana. Siang kalawan daloe andjeunna satiam-tiam parantos kerna mingpin sareng ngadjarung hiroepna abdi-abdi noe leutik ngaoaban kawa lemboet, sangkan hatana tetep tengtrem, ning-nang taja karingrang, soehoeu tigin dina enggon-enggoning koenawoela. Ajeuna djalaran andjeunna kapake kedah nilar ieu nagri, abdi-abdi noe dikantoean manget ngaringing pribadina; tina ngaroes bade patoeraj, paanggang sareng hidji doengongan anoe teu kinteu agong pisan djasana ka nagara sareng ka para rajat sadaja sasusuning Tjandjoer. Tah koemargi kitoe, koe kersana Kangdjeng Dalem miwah Kangdjeng

Toean Assistent Resident Tjandjoer, samemeh andjeunna (Djr. Demang) ngalih ka Bandoeng, teh, bojong ngadamel beula tawis-panghormat kawa tek angkut, soekan spekan sareng para kaha-mitra sadaja prijntoeu ageng-alit sawewengkon Tjandjoer. Laboeh satengah dalapan gamelan di Mandopo geus ngoengkoengan ditabeuh lagoe kebo-djoro, ngahormat kanoe saroepping, para prijntoeu sareng Toean-toean, Njonja Njonja anoe ngabaja kenging ngondangan, Doegi ka taboeh salapan mah meroel bae noe saroepping teh Mandopo anoe parantos pinuh koe korsi teh, harita mani sepek djedjel heurin oesik koe noe tjalik, malah seueur para prijntoeu noe teu kabegawan tempa. Taboeh salapan wengi djep tatebeuhan (gamelan sareng strijk-orkest) dipiwarung djeupe. Kangdjeng Dalem djeung ngadeg ladjeung maos sara-biantara koe basa Walanda. Malajoe sareng Soenda, anoe maksadna ringkeska nganoehoeunkeun ka tatamoe anoe rawoeh kereu ngaloeoeha kana ieu pesta, sareng nganoehoeunkeun kana pangdeudeul-pangrodjongna para prijntoeu sadaja, doegi ka laksana ngajakkeun eta pesta. Salamatoe ma-o-e biantara, ladjeung majoen ka Padoeka Djr. Demang, sasoeoran koe basa Soenda miwedjang hal tata ngolah nagara, ngheujeuk dajueh sareng pangoengtoenganana njarioskeun jen koe djengkrana Padoeka Djr. Demang teh, andjeunna sasat kaslang-elangan panangan kiwa, geussa pabeujeuk-heujeuk panangan dina enggoning mentah kaboepaten Tjandjoer. Satoeatna Kangdjeng Dalem sasoeoran ladjeung ditama koe Kangdjeng Toean Assistent anoe maksadna meh sami sareng biantara Kangdjeng Dalem sareng njalametkeun, moegi Djr. Demang sapetra-garwa, ginandjar kawiloeudjangan, ginoleoran koe rahajoe salamina sareng moegi enggal hasil soegri noe dimaksad koe andjeunna. Tidinja ditema koe Djr. School-Opziener, nja eta rehna kawakilan koe sadajana goeroe-goeroe, geusan nganoehoeunkeun kana soegri djasana anoe parantos karaos dina golongan Onderwijs. Ditema deui koe Djr. Wiroendjaja, Mantri goeroe H. L. S., pangoroese paroekeunan "Mitrakaja" sareng wakil Padoekoehan "Pasoodan" Tjandjoer geusan njanggakeun hiji tawis kagegelan roepi vulpenhouder sareng patriotna, diwoewoehan koe biantara anoe pandjang-lebar, tat periente, rapih ngarandjingeunana basa sareng ketjap, estoe soerpep-sieup boedjangga kiwari noe bidjaksana. Satamatna sasoeoran, ger sadajana saroepek sareng kaleprok, nawiskeun ngaringing soeka-boengah. Sanggeus rada aso, ladjeung Djr. Demang Patih ngawaler ka sadajana koe basa Soenda, anoe pondokna nganoehoeunkeun kana kasaeoranana nor tadi diebat di loehoer sareng oge kana pasihanana, roepi-roepi souvenir tea. Saladjengna teras ngaribing, sareng Toean-toean, Njonja darangsa, bararang toeng balaketjranan soekan soekan noe taja hinggana, doegi ka brajua beurang pisan.

Verslaggever, A. S.

(1). Lamoen ngalanggar art. 1 ajat 2 djeung art. 3 ajat 1 dihoekoem boei panglilana tiloe boelan atawa dengdaan panglobana f 500.— (2). Koe lantaran meunang hoekoeman kitoe tangtue keuna deui koe hoekoeman langgaran art. 1 ajat 4 tea. (3). Perkara - perkara hoekoeman anoe kaasoeap dina ieu artikel dianggap saperti palanggaran.

Art. 4.

(1). Lamoen ngalanggar art. 1 ajat 2 djeung art. 3 ajat 1 dihoekoem boei panglilana tiloe boelan atawa dengdaan panglobana f 500.— (2). Koe lantaran meunang hoekoeman kitoe tangtue keuna deui koe hoekoeman langgaran art. 1 ajat 4 tea. (3). Perkara - perkara hoekoeman anoe kaasoeap dina ieu artikel dianggap saperti palanggaran.

Art. 5.

Kalawan teu ngoerangan kana kawasaan anoe diterangkan dina art. 1 ajat 1, ieu atoran teh henteu keuna ari keur adpoekat-adpoekat djeung procureurs anoe disahkeun koe Hof loehoer djeung Djeestisi.

Art. 6.

Ieu ordonantie kapakena tina tanggal boelan kadoea sanggeunana ieu atoran diembarkedun.

Milieujujankenn sareng mestakeun Padoeka Djr. Demang Patih Tji andjoer R. Wiraditmadja.

Kaleresan wangi Ahad ping 20-21 awal ieu di Kaboepaten Tjandjoer geus aja raramean, nja eta mestakeun Padoeka Djr. Demang Patih, R. Wiraditmadja, djalaran koe terrana noe ti pajoen andjeunna geus tjondok ka woekoe, minggang kana mangraua, diilihkeun ka deujeuh Bandoeng, noe tek babasan tea nagri noe heurin koe tangtoeng. Djedjeg 9 taen lamina andjeunna njepeng damel ngahenjeuk dajueh, ngolah nagara Tjandjoer, loelee bangloea, kereta teu sakara-kara, eeto moeloe noe taja koetjijwana. Siang kalawan daloe andjeunna satiam-tiam parantos kerna mingpin sareng ngadjarung hiroepna abdi-abdi noe leutik ngaoaban kawa lemboet, sangkan hatana tetep tengtrem, ning-nang taja karingrang, soehoeu tigin dina enggon-enggoning koenawoela. Ajeuna djalaran andjeunna kapake kedah nilar ieu nagri, abdi-abdi noe dikantoean manget ngaringing pribadina; tina ngaroes bade patoeraj, paanggang sareng hidji doengongan anoe teu kinteu agong pisan djasana ka nagara sareng ka para rajat sadaja sasusuning Tjandjoer. Tah koemargi kitoe, koe kersana Kangdjeng Dalem miwah Kangdjeng

beuki tambah bae, rajtaoen-raj taoen teh beuki madjoe tambah hebatna. Pantoe pisan oepama badiga semah bahagoena-tis nendjo gedagna taneh pangdoemokanana, lantaran sangkahanua tapgtoe maranehanana noe bakal njangga-malamana. Nja kitoe deui pantoe pisan oepama maranehanana tjotjorowokan awong-awongau menta, soepaja Pamarentah metakeun kadoealan, kakerasan dina meranganana sing serwa noe koe marsuehanana dianggap kadjahatan. Kakerasan Pamarentah noe geus dilarapkeun ajena, koe maranehanana dianggapan maah kereh djedjae-beun kana tjoekeup. Koedoe leuwih keras, leuwih kedjem, koedoe koe terekah noe bakal ngarentetkeun hatana rahajat ka wetankenn, op voor een Oostersche bevolking duidelijke wijze" tjuek Soerab. Handelsblad. Malah make ditambahan koe eta soerat katar disoeoetkeun, jen pergerakan di oerang teh aweuhanana gojangna Asia pergerakana anoe maal beunang dibawa kana sili eladan, geberen uit de schokken, welke geheel Azië doortrillen en niet vatbaar zijn voor een compromis" pokna teh. Djadi maksoedna teh oepama dipondokkeun anoe sapondok-pondokna beunang digambar koe deea ketjap: hantem Kromo, atawa tjuek Kontak mah hantem Marhaen. Lain Soerab. Handelsbl. bae noe mere soerat ieu teh, oge soerat-soerat kabar noe sedjen, oepamana De Loco motief, anoe bareto boga bantera liberaal, tapi noe kabeh-diennakeun tara tinggaleun miloe ngalokan kaom katoehoe, malah beh dieu pisan mah make djeung geus iasa ngadalangan sagala. Kahajangna alam, robahna djaman, tara beunang dihalang-halang. Tatjan ngadenge aja djelam atawa pamarentah noe bisa njegah kahajangna rahajat. Pantoe koe deungeun-deungeun disoeoetkeun, "voe populi, voe Dei", aja eta hartina teh: "kahajangna rahajat saroea djeung kahajangna Pangoran". Masing dipoentangan, dipogatan diolael-olael, tjara noe ngoedag kamerdikaan rahajat, diantjam koe atoran noe kareras, boeksem boei, diboeang, digantoeang... tea weleh, lambat laoen eta kamerdikaan koedoe ragrag. Tjontona? O, pirang-pirang, batja bae sadjarah. Noe tetela, noe deukeut, tong djaceh-djaceh, ngeunteung tah ka... Walanda. Doenoengan oerang! Kapan koerang koemaha maranehanana dikajajana koe... doenoenganana, oerang Spanyol, tapi teu djadi halangan, djo deui... djol deui noe djadi loeloe-goe. Tapi sakitoe lobana pangadilan tina sadjarah, tina Aitrep maranehanana sorangan, ari menta kakerasan mah teu weleh. Kawasna lapoar teu djadi eunteung. Di oerang, djaba ti al m: rloem N. I. P., al marboem soeh djirimna, da rohna mah masih koemalajang aja keneh dikieuna, malah moen teu salah njoeerop ka P. N. I. (Persatoean Internasional Indonesia) - djaba ti N. I. P. teu aja noe torodjong menta lesot ti tangan Walanda. Kalolobasanana menta soepaja digantjangan aja atoran-atoran noe minangka djadi dadasarna pikenn kamerdikaan oerang Indonesia. Teu kedjot borosot. Ngan sabalikna emboeng djajaj diambeng, diparantjahan koe teu atjan asak. Tjara orok koedoe djadina kolot, nja kitoe deui rahajat koe aja dina kaabdian koedoe djadina merdika. Moal aja noe bisa nampik deui. Tangtue anoe geus moal geseh deui tea. Tjing kakerasan naon noe bisa ngahalang-halang pikeun salawasna? Koerang koemaha kersana hoekoeman koelang noe diragrakkeun ka Tjipto Soerardi djeung Douwe Dekker? Boektina? Teu goeoeur, teu angin djol noe sedjen, leuwih loba, leuwih keras. Koerang koemaha kersana di Tjamarere, djaba ti paraeh teh, loba noe diboeang kerdja paksa! Ari tapakna...? Is, ngadoedoed bae, anggoer sna djol teh November 1926, ngalant, ngeungkeun, mangreboereboe. Tikel poeloe, tikel ratoes, ti Tjimarere! Sabaraha ratoes, reboe, noe di ka-Boven-Digoelkeun? Sabaraha noe meunang hoekoem gantoeang? Tjatjan ge anggeus perkara No-bember, geus disamboeng koe Juli

1927!

1927! Koerang koemaha kersana? Rek nerapkeun kakerasan, kadoealan naou deni djaba ti ieu? Noe koemaha terekah noe-ninggang ka rahajat bangsa ka Wetaukeun teh? Naou deui, djaba ti boei, boeang, hoekoem pati, noe leuwih keras? Naha koedoe tjarem kabeh? Oerang noe lain kolek golongau toekang kedjot borosot, noe teu njotjogan kana meunangkeun kamerdikaan koe djalan ngotjorkeun getih, bet esa panas doeso tjueh, koe hajoh bae diwewelan Oostersch volk - Oostersch volk! Naha ari Oostersch volk lain djelama, teu njaho kama kaabdian, teu boga rasa kaabdian, teu boga rasa kadjelemaan? Koe lantaran moerba wiseja mang-windoe-windoe di dieu, Soerat Handbl djeung sabatoerna poho, jen oerang dieu geus bounta, bisa ngabedakeun adil djeung teu adil tipeo daja djeung noe enja. Naha kahajangna teh kitoe, kaom-kaom noe masih peritja kana bakal aja boehua koe babarengan digawe djeung pamarentah, kahajangna teh kaom-kaom noe kitoe teh koedoe dipaksa sina djadi moesoe? Naha geus tangtue kana moal bisana sili eladan, dat de beweging niet vatbaar is voor een compromis? Geus dipetjak-petjak ditera. ooncedes sakoemaha noe dipikahajang koerahajat? Oepama enggeus, mana? Tina hal naon? Oepama sakoer kaperloean imab-koering ditetepkeun koe doenoengan-koering, noe bjahona ka imab koering-angan ti loear woengkoel, naha kirakirana bakal tjotjog sakoemaha kata-jang koering? Goeroe noe ngingetkeun kana kama-djoean kelasua koe nalingkeun kapi-teranana boedak noe sabagian leutik, goeroe noe kitoe moal papanggih djeung beubeungan pagaweanana noe bakal njonangkeun ka manehna. Pamarentah noe ngan ngeoeoeng-ngoegoeng sabagian rahajat noe soeutik, moel sepi-sepi tina panjerawedan. Moal bisana sili eladan? Pirakoe, Moen enja hajangna, tangtue aja tarekabna. Koering peritja Pamarentah di dieu-tangtue kana moal ngadangoena kana receipt a la Soerab. Hbl. Ngamimitianana oge kapan geus sakitoe aleesia, sing aja kapertjajaan. Kapertjajaan rahajat, nja kapertjajaan-panoengtoenna. Noe hajang meunang kapertjajaan rahajata, koedoe bisa meunangkeun kapertjajaan panoeng-toenna. Nja eta koe djalan nedoenan-kana kahajangna noe ditembongkeun-koe maranehanana. Kompas noe koedoe dipake koe djoeroemoedi nagara oelah tjap "Oostersch Volk, Oostersche visie, Oostersche mentaliteit" tapi koedoe tjap "rasa kadjelemaan". Lain tjuek Confusius oge, (Kong-Hoe Tjoe alim djoemoer di Nagara Tjina bahuula), "sakoer noe teu dipikahajang dikawakeun ka maneh, ko-batoer oge oelah dikawakeun"? Ana dibasa Walandakeun: Wat gij niet wilt, dat U geshiedt, doe dat ook aan een ander niet". Mengpar tina kompas ieu, tangtoepadoepakna djeung karang. "Kadogalan roeksakna koe kadogalan deni," hidji bebeneran noe koe Soerab. Hbl. roepana kaloeu loeli.

Abah al Entjep.

Tjeurikna "Goeroe - Goeroe - desa."

"LIWOENG"

Alap-alap ninggang toena. moen kaja kieu mah diri, moel mendak kasenangan, diroengsing koe ati poeing, saeutik djadi kasakit. ngagoegoeng pikir bingoen, ngabingbengkeun salamika, gadjih teh matak berewit, ngahoeangkeun toempokan goe-noeng Soe ngkawa. Ja, Alloht matak hawatos; koe koelak tjanggema, takdir diri bagja awakna goeroe-goeroe deea, danget ieu mah estoe ninggang kana paribasa "nete siplek, nintjak siplek, njokot leot, ngeumbing porot. Goeroe deea teh beunang dimilikeun moe ara, nja eta moerang pang-goreuh, panjarek, malah paoed-angan deui. Aroeh sok soemawonna

Ngalereskeun:

Dina S. P. ping 23 Augustus 1927 No. 8 dina artikel anoe nganggoe titel "Naha geus dirubah" aja lepatna nja eta: ... artikel 8 bijblad 81/7 enz. leresna kedah ... artikel 8 bijblad 8167 enz.

Tjoerar-tjaret.

Moal bisa sili eladan? Asa tjikeneh pisan reuweuh - reuweuh mentas riboeut bangsa koeminis, bet teu disangka-sangka noe maratja ge geus pada terang-geletek deui bae aja kariboean anjar. Mulah geus aja embuhna ajena mah, lain bae bangsa priboeami biasa, tapi make diimplik-implikan koe Walanda toean De Jeer. hoofdopzichter gemeente Batawi djeung ... serdadoe. Oepama oerang ngareret ka toekang, heng diloeug dibanding - banding, bet kaajana pergerakana di oerang teh

Ngalereskeun:

Dina S. P. ping 23 Augustus 1927 No. 8 dina artikel anoe nganggoe titel "Naha geus dirubah" aja lepatna nja eta: ... artikel 8 bijblad 81/7 enz. leresna kedah ... artikel 8 bijblad 8167 enz.

Tjoerar-tjaret.

Moal bisa sili eladan? Asa tjikeneh pisan reuweuh - reuweuh mentas riboeut bangsa koeminis, bet teu disangka-sangka noe maratja ge geus pada terang-geletek deui bae aja kariboean anjar. Mulah geus aja embuhna ajena mah, lain bae bangsa priboeami biasa, tapi make diimplik-implikan koe Walanda toean De Jeer. hoofdopzichter gemeente Batawi djeung ... serdadoe. Oepama oerang ngareret ka toekang, heng diloeug dibanding - banding, bet kaajana pergerakana di oerang teh

peritja, Moestaji, prakoe, arandjenna nepi ka teu bisa ngidjir kana pibe-koekarennana. bbrontak djumauktuari.

Koering ooe pamar kieu, kieu olesana, bisa ngumohalkeun kana laksanana katemp waksod. suk buny arandjennana.

Moal matak heran oepami epke aja kabar deni, jera, koe papriksaah noe leuwih djaoh Tjipto djeung Salim boektina. teu muis, teu meuleum, tjara. Soedjadi.

Moega moega enja!

Laham.

Dornaisme.

(Saha saha noe toean? tjabe, eta noe ngaraoe lada)

Atong-abong aja ti bapelan, ti djaman pawijangan aja djelema noe ngabogaan adat ngadoe goea ngarah oepah koeah beukah, nja Kl Dorna tea sanes?

Sanadjan Kl Dornana geua taja dikieuna, tapi adana mah rigana meuding nitis ka djelema, djelema ajeuna; boektina geuning radjeun aja djelema noe sok doek ngadoe ngadoe ka noe djadi doenoenganana ngagoreng babatoeranana sagawé, madjar maneh: si Anoe, si Hiti mahl celah disangka hade, sanjangan gorong katija da hatena ka noe djadi doenoenganan teh.

Emh, edana, aja jasa sasaoeran teh. Nja oepami yinggang ka noe djadi doenoenganana asak rampa, pandjang timbangan, tiji soerti mah, meureun ana aja noe ngadoe ngadoe kitoe teh ngan oekoer ditembalan heeh (bari ngadjebaran); negtég, negtognna diperesen bako sabiel sasistigun.

Koemaha ana yinggang ka noe djadi doenoenganana deukeut dedeblu, pondok toong, atah, timbangan ka tambah boga, adat babarian mah kapan teu tata pasini deui, djaldjol reup angkeub, tjemerot bari djamedoed, teros ngandoeng hate.

Leuheung meueus lamoen bener gorengna, koemaha ari henteu? Hm, dosa, Djagan dosah tiggat handjakalna.

Oelah leutik hate loer!

Goesti alih sifat, adil. Wong bejlik katitik, wong ala kontara.

Dina sangkaan sim koering, maksoedna djelema noe sok yinggobrong batoerna sagawé ka doenoenganana teh meureun taja lian, ngan oepaja babatoeranana tea dipikangawa koe doenoenganana, sarta sabalikna, hafang soepaja manehana dipikaasih, dipijinta koe doenoenganana.

Memang, sadajana djelema merkaom boerpeh, meureun pada hafang dipikaasih dipijinta koe noe djadi doenoenganana.

Nangiing, emh deudeuh, deudeuh, kaliro, Djagan kaliro!

Emoetan sim koering mah oepami Djagan palaj dipikaasih, dipijinta koe doenoenganan, sanes kitoe djalan, nanging kedah koe djalan tempeng bener, sement wékel; nja Allah anoenel.

Njakitoe deui noe djadi doenoenganana, keur kahajang teh tjing atoh celah sok gaitjang tuing aldalan, goeogan, samemeh kapanggih fikinna, kapendak njatana. Lamoen tujukuh panasaran, leuwih hade teppengketun, lawoengkeun, sina nembrik soepaja njata.

Wartos ti Administratie.

Djr. T. A. Tjikampok. Lga 842 Postwissel f 1.50 katampi anggoeun kw. III '27.

Oelah lepat artos langganan Sipahénar ping 1 September perloekeun kintoen ka Adm. Sip.

Oepami ngitolen ajeuna f 1,50 anggoeun kwartaal ka 4, serat kabar dikintoen ti ajeuna gratis.

Djr. Tjabang Tjandjoesartos f 9,50 katampi hutoer noehoen.

K A B A R

(Tina g k sanes)

Wet pikun njezah ngagawekeun baroedak di pabrik pabrik mimiti didjalankeun dina tanggal 1 October 1927.

Preanger-bode ngaloeurkeun Bandoeng-nomer nja eta mehta soepaja sakabeh Departement dipindahkeun ka Bandoeng, lantaran Bandoeng hawana aloes djeung tempatna loehoer.

Mas Moehamad Soedjadi Adjoen Koenis di Departement Financien noe baroto ditangkep lantaran disangka-pipikoeun kana koemaha, ajeuna geus dikaloeurkeun deui ti boel.

Insinjoer Uljee Hoefd Irigatie Afdeeling Brantia dibenoem djadi Directeur B. O. W. ngaganti Insinjoer Blackstone.

Dina tanggal 15 nepi ka 21 September di wewengkon Garoet djeung Tjibatoe rek aja balad darat diadjar perang dikapulaan: koe Djendral Lasonder, Opsir Inggris, Major Lower rek neudjo peperangan.

Di roemah sakit Soekaboemi oeroesan doeti kanjahaon teu bener. Administrateurna disahora. Resident ajeuna keur teroes mariksa ieu perkara.

Officier van Justitie di Manado nerangkeun jen Assistent-Resident Van Eumelvoort Stein ngakoe neunggeulan sakitan nepi ka maotna. Baroto oge geus neunggeulan.

Dr. Soewarno Leeraar di Nias Soerabaja mangkat ka Eropa pikeun

Makan pagi.

Samboengan.

A: Lamoen lolong, koemaha rek bisana kapendak?

B: Na abdi teh ieu teh lolong, kaoningana koe enang?

A: Samangta teu awas ka noe deukeut-deukeut atjan, komo ka poe djaoh. Kieu geura: Lolong w a r o e g a, teu awas kana barang badag. Lolong pikir, belet. Lolong atiteu awas kana oeroesoeroesan kasoranganan. Lebah oerang tjara kieu, tangtuo oedjang ngarti, lolong noe mana?

B: Nja kahartos! Nanging oelah

kapambung, njelehoenkeun dibentes keun bae sakalian, mana tea si kangeunah abdi teh?

A: Gumpang pisan, ugan tangtuo pangling.

B: Djadi gentos reepi gentos bangoen? Bou gentos ka rusa rasana!

A: Nja kana kitoe, Ramboetan oge atawa, bpoali, ana teu kapara mah, rasana meah tjara kieu koe sak pangome. Nja kitoe deul, ieu, aja pakoerangan dina saroeapa oge noe djadi parobot pi keun pangome, komo ieu lebah panon, oge pangperloena, moen pangarang kalamina, moen noe tau patjoelna (minangkana).

B: Soemoehoen perkawis eta mah kabartos roemaos! Mangga geura saoverkeun, noe mana tea boektina? roepi si Kangeunah abdi teh?

A: Boektina mah, pangaayaan oedjang tadi, barang mimiti.

B: Naha da tadi mah, njarioskeun kabingobong atawa karoengang uti prib-di.

A: Tah eta, si kangeunah kabeta h oedjang, teh. Koe lantaran teu ka o e o e s, teu ka t i t e n k a o p e n j a h a n a n l o t o n g o e d j a n g t e a, djadi ka k o e b o e k t i n a, mamalana ma b a n t p e a y i, ngababok ka noe bogana: Gedong, oge; teu kakored teu kapaper, teu kalongok, longok atjan, da noe bogana. sugtuo lila-lila djadi, deui w a n g a d e u i, P e k p i k i r k o e o e d j a n g, s a g e j t e u, k a p i k i r, p a k a y a n g a n n o e s a r o e p k i t o e, r e k d i b u l a w a k a n a m e d a n, a t a w a b o g a p i k i r n a h a, t e u s a r o e a d j e u n g b a t o e r (a n o e b a t o e r a s a k p a n g o m e) a s a k p a n g r a w a t t e u t e u t a l o b e h, h a e k h e s e d j e u n g t a p e n a, h a n t e u n g a n s a o e r w o e n g k o e l, h e n t e u d e u l e u w o e n g k o e l, h e n t e u d e n g e w o e n g k o e l, h e n t e u p a n o l a e r w o e n g k o e l; a n o e d j a d i n a s a d j a d i d j a d i l a d a n g s a s a o e r a n (h a s a o e r), d e d e n g e a n, d e u d e u l e u a n, p o p o k a h a n.

Aja samboenganana.

Toko OBAT NIC MULLER TASIKMALAJA.

Goenoengladoe 15. Telepon No. 26.

Sagala LANDONG sajagi sapertos: Kajoepostih toelen. Minjak Hades. Landong njeri kahampangan. id. rahéut. id. intjok. id. rahéut sareng soenatan. id. njeri panon. Kastor oie WANGI. Landong njeri benteung sareng boe-boeang. id. riént sareng panas tiris. id. tjaating. id. soepaja tiasa sare. id. gohgoi. id. tambah kaktiaten salira sareng getih. id. koerap sareng hapeer. id. anggeun maahan koetos dina sirah. Sareng sagala roepi bae anoe henteu disebat hidji-hidji.

TJIELEP anggoeun njelepan sipat njemoe sareng raksoekan Model. Moal loentoe deui!!!

Ijalenn deui kening korting ageung. Flit (nja eta landong anggoeun maeban reungit, sireum toembila, geget, a. c. t.).

Kompa pangas f 1,25 landongna f 1,25-f 2-f 3,50.

Goela-goela sareng sesepun noe raras, sareng pantes pangaosna. Prijskoran kening perdia.

Mangga soemping koe andjeun Noe ngantos

NIC MULLER.

nendjo kajaan di roemah-roemah sakit. Gantina Dr. Mohamad Sjaaf ti Padang.

Di Geneva (Zwitserland) aja Conferentie pers sadoenja. Noe ngirim oetoesan aja ti 41 nagara. Noe daratang aja 140 bangs redaktoer soerat-soerat kabar.

Aja oetoesan Reuter, Wolff Havas, Ageta. Noe dibarempogkeun babakoena menta soepaja ongkos telegram keur soerat kabar oelah mahal teuing djeung aja atoeeran telegram keur soerat kabar dihasilkeun make bajaran noe leuwih mahal (dringsude perstelegrammen).

Minister oeroesan loear nagara Castle ngabantah kabar jen aja kontrak rasiah antara Djepang djeung Inggris. Noe mawa ieu kabar Washington post.

Di Inggris aja kalyaknaan kareta tigoeling 11 maot-50 tatoe.

Perang di Tiongkok kaler djeung kidoel (Brata wargu, burgeroorlog) balad Kidoel ajeuna rada kasoran. Siang Kai-Sjek kapala balad Tiongkok kidoel ajeuna eureun rek indit ka Berlija.

Di Mesir rek ngadegkeun arja Zagloel panimpia nationalist noe maot.

Koe lantaran Doktor Tjipto ngakoe mere doeti f 25 ka militer rek berontak tea; dipertel soepaja Djoeragan Tjipto dibosang (interneer) tapi oelah ka Digoel.

Di Djepang aja doea kapal perang dtadon nja eta Juntsi djeung Warahi. Warahi kalem dina djaro 15 meuli. Juntsi dijarik koe kapal perang Kwago ka Meizuru. Toeloe kapal perang Naka djeung kapal rampas terpedo Shi diadoe. Shi roesak too kangna. Dina kapal Naka aja Kei Terijike prins Hiroyoshi. Hadana henteu kitoe kieu. Djelema noe maot aja 110. Koemendan Warabi ogé titeuteum.

Kakara bae aja kabar jen di Hindoe bangsa Islam djeung Hindoe rada rapih ajeuna aja deui bedja geus ger deui bae pasea.

Noe marogok di palaboean Calcut ajeuna geus digarawe deui.

(Ind. Court).

Toko OBAT NIC MULLER TASIKMALAJA.

Goenoengladoe 15. Telepon No. 26.

Sagala LANDONG sajagi sapertos: Kajoepostih toelen. Minjak Hades. Landong njeri kahampangan. id. rahéut. id. intjok. id. rahéut sareng soenatan. id. njeri panon. Kastor oie WANGI. Landong njeri benteung sareng boe-boeang. id. riént sareng panas tiris. id. tjaating. id. soepaja tiasa sare. id. gohgoi. id. tambah kaktiaten salira sareng getih. id. koerap sareng hapeer. id. anggeun maahan koetos dina sirah. Sareng sagala roepi bae anoe henteu disebat hidji-hidji.

TJIELEP anggoeun njelepan sipat njemoe sareng raksoekan Model. Moal loentoe deui!!!

Ijalenn deui kening korting ageung. Flit (nja eta landong anggoeun maeban reungit, sireum toembila, geget, a. c. t.).

Kompa pangas f 1,25 landongna f 1,25-f 2-f 3,50.

Goela-goela sareng sesepun noe raras, sareng pantes pangaosna. Prijskoran kening perdia.

Mangga soemping koe andjeun Noe ngantos

NIC MULLER.

Hatoer oeninga.

Hatoer oeninga, ajeuna Bibliothek „Sinas-Kamadjoan“ noedje njitak boekoe Titeln „Rasiah hidji koeah.“ Oepami djoeragan djoeragan bade ngarsakeun ngagaleuh timpah, pangaosna dijilid ka I f 0,25, ka II f 0,25. Djadi anoe 2 dijilid (sastel f 0,50) kandelna ± 100 katja oepami bade timpah pangsawelikna 25 stel, kening potongau 10%. Oepami djoeragan ngintoen artos ti pajoen, saaparantosna dipotong koe 10% tea. Oepami boekoena parantos anggeus ditjatakua tangtos caggal dikintoenkeun ka boemi.

Ieu atoeeran timpah, Reçu postwissel kedah diangrap kwitan-tiena sareng waktosna moeng doegi ka 15 September 1927. Margi oepami parantos kaloesar inah, pangaosna: dijilid, ka I f 0,30, ka II f 0,45.

Karamanana sareng kasasnanana eta boekoe, lepat oepami dipoadji koe noe ngaloeurkeun. tjindeknna mah. loetjoe bae. Kening diaot koe, istri pameget, koe, noe anam koe noe sepoeh.

Langkoeng oelami disaksikeun koe andjeun kalajan caggal pesiq kedah ti ajeuna:

ka Moehamad-Satible
Pasar-kolat
TASIKMALAJA.

N. B. Noe bade pesen adresna: djenengan, padamelan kp. tempat linggih Postkantoor kedah diserat anoe terang.

Na jaktos djoeragan teu atjan oeninga kasaeana mobil FORD?



Ford: Gampil miarana.
Ford: Mirah pangaosna.
Ford: Kiat dianggona.
Ford: Gampil sareng mirah paprabotana.
Ford: Kiat, di djalén noe naudjak.
Ford: Irit nganggona beuhin, oie saribig band.
Ford: Kanging dipertanten, margi ngango dubbele onateking, (electrisch sareng magnet).
Ford: Kog margi eta, njeuangkeun sareng ngoentoengkeun, ka anoe kagoengan.

Pangaosna di TASIKMALAJA:

Ford Touring nganggona selfstarter, sareng ballon band f 1630.
Ford Runabout (sabatngkoe) f 1570.
Ford Sedan f 2330.
Ford Sedan Tudor f 2145.

Tjan Wan Joe
Fort Agent Hoerensstraat 17.
(Goenoeng Ladoe, pajoeun Gbendéng Singa).

P. S. Pikeun njeuangkeun ka: Djoeragan-djoeragan, perkawis pembisjaranana tiasa dibadanteunkeun.

ADRES noe parantos KASOHOOR DAHJAN

Teeking - Mas Roemah 18
TASIKMALAJA.

Ngital roepi-hidji perblasan tina ina, sareng perah damelna priksa dea, sareng nampi padamelan saperti: Ngadamel pending (band) pinggel pentil, soember, lippen, padamelan ditanggal sae sareng caggal.

Djabi ti eta ngital roepi-roepi, ledit sakoe, erodit tangas, wakdi, soempit alpaka model anjar sareng acurpaseur deui perblasan mangge djoeragan-djoeragan ngagal saroeumping soepados kasalaga.

Tina Tentoonstelling Tasikmalajala parantos benging:

EEREDIPLOMA MEDALI M.A.S.

Toko-KHOEW SIAOW SENG (Toko BENO).

Tasikmalaja Telepon No. 2.

Sajagi: Karetu-Mesin Simplex sareng anoe-sanes Merk Europa, Band-band Auto, Merk Goodrich, Michelin, Good-year, Dunlop, sakalim sareng parobot pikeun A to (Herdelen).

Sajagi roepa-roepa glas (loempor) sa-perti Beureun, bedjo, blas, koneng kidoel, bodga sareng nganggona strip roepa-roepa, aja deui anoe nganggona letel monogram koe aer inas, sae pisan pikeun soepenter.

Sareng roepa-roepa keler (stopflesch) anoe marodel, roepa-roepa lampoe batre, anoe parantos kasohor kabe-watanana, dina waktos ajeuna keur marbe pisan anoe ngarange bedil ang n (wandbuis) pikeun plesiran, nja eta keur blajar nembak atawa keur maqoek, badjing, jareuh, ganggarengan anoe sok ngaroekak kana piparaan, heulang, kalong sareng sadjab ti eta sate sato anoe ngaroekak, tangtos ti asa kening koe B. S. A. tea.

Lantaran teu ngango vergunning, noe mawi di sajagikeun njondong 2 roepi anoe kaliber .57, sareng 4/2 nja eta merk B. S. A. anoe mashoer kaktiatanana sareng saena, polorna sajagi tjoekeop, sadjab ti eta, sajagi roepi roepi Eetservies (stelan-piring makan) anoe pikeun 8 djalmi (noe 12 djalmi), sareng roepa-roepa djam (lotjeng) Westminster, erodit anoe sareng, peso silet peso tjoekeop goenting mesin anoe parantes mashoer kasae-anana, njondong roepi roepi oekoran filter (sarengna tja), pikeun ngadagi kawarasan, atawa kasahatan.

Preanger Chemicalien Handel

Telefoon No. 76.

Selamanja sedia roepa-roepa obat patent dan lain lainnja, Minoman, Serotoes, Sigaret, Katjamata, Cutex, Boncilla, dan pekakas potret.